

**Pa Prezidan
Henry B. Eyring**
Premye Konseye nan
Premye Prezidans lan



Benediksiyon dim yo

Bi Bondye nan ba nou kòmandman yo se pou beni nou. Li vle ba nou lavi etènèl, ki se pi gwo nan tout kado Bondye yo (gade D&A 14:7). Pou resevwa kado viv avèk li pou tout tan an fanmi nan wayòm selès la, nou dwe kapab viv lwa wayòm sa a (gade D&A 88:22).

Li ba nou kòmandman nan lavi sa a pou ede nou devlope kapasite sa a. Lwa dim nan se youn nan kòmandman preparatwa sa yo. Lwa a se pou nou bay Senyè a yon dizyèm nan tout revni nou. Li si senp ke menm yon timoun piti kapab konprann ni. Mwen konn wè timoun k ap lonje bay evèk yo yon anvlòp dim ki gen yon dizyèm nan ti kòb yo fè.

Youn nan benediksyon ki soti nan peye yon dim konplè se devlope lafwa pou viv yon lwa ki pi wo toujou. Pou viv nan wayòm selès la, nou dwe viv lwa konsekrasyon an. Ladan nou dwe kapab santi ke tout sa nou ye ak tout sa nou posede apatni a Bondye.

Gen omwen twa fason ke peye yon dim total nan lavi sa a prepare nou pou *santi* sa nou bezwen santi pou resevwa kado lavi etènèl la.

Premyèman, lè nou peye dim nou nan Legliz la, Papa nou ki nan Syèl la vide benediksyon sou nou. Tout moun ki toujou peye yon dim konplè konnen ke sa se vre. Benediksiyon yo pafwa espiyèl e pafwa tanporèl. Nou resevwa yo nan tan Senyè a ak selon sa li konnen ki pi bon pou nou.

Lè benediksyon sa yo vini, lafwa nou ogmante pou fè nou konnen ke Bondye se sous tout sa ki bon nan lavi nou. Li vin pi fasil pou nou wè ke konsekrasyon senpleman rekonèt verite ke tout kreyasyon Bondye se pa li. Sa fè nou *santi* nou rekonesan ke li mande sèlman 10 pousan nan sa li deja ba nou. Konsa, nou pi byen prepare pou viv lwa konsekrasyon an lè ya va mande nou.

Dezyèmman, nou tout ki peye yon dim konplè tout tan nou *santi* pi gwo konfyans lè n ap mande Bondye pou sa nou menm ak fanmi nou bezwen. Li pwomèt benediksyon ki menm pi gwo pase sa nou ka resevwa lè nou fidèl nan alyans nou pou peye dim nou (gade Malachi 3:10). Konsa, youn nan pi gwo benediksyon dim se konfyans nan sa demen ap pote. Kèlkeswa sa sikonstans nou ka ye, bagay yo ap travay pou byen nou. Lè nou kenbe pwomès nou, li ap kenbe pa li. Yon santiman lapè se youn nan gwo benediksyon ki genyen nan peye yon dim konplè. Moun ki obeyi kòmandman dim yo kapab temwaye ke benediksyon lapè a reyèl ak presye.

Twazyèmman, moun ki peye dim yo *santi* yon ogmantasyon nan lamoun yo pou Bondye Ogmantasyon lanmou sa a vini soti nan konpreyansyon yo sou fason Papa a itilize dim nou peye yo pou beni moun nan mond sa a ak pou letènite.

Atravè sèvitè otorize li, li depanse dim yo avèk gran

swen. Peyè dim ede Senyè a bati tanp, kote fanmi kapab sele pou tout tan. Peyè dim ede li voye levanjil la al jwenn moun toupatou. Peyè dim ede li soulaje grangou ak soufrans nan pwòp fason pa li atravè sèvitè l yo. Nenpòt nan sèvitè sa yo kapab di nou kijan lanmou te ogmante paske dim nan te itilize pou beni moun. E moun ki fidèl nan peye dim yo kapab tou.

Règleman dim ap gen pou vini nan kèk mwa. Mwen priye pou nou menm ak fanmi nou kòmanse kounyeya pou planifye ak prepare pou kalifye pou benediksyon Bondye vide sou tout moun ki kapab deklare ba li ke yo se peyè dim konplè.

ANSÈYMAN APATI MESAJ SA A

- Pafwa pi bon fason pou anseye yon sèten prensip se demontre li (gade *Teaching, No Greater Call* [1999], 164). Panse pou mande yon manm fanmi an montre kisa yon dizyèm reprezante. Li kapab demontre sa nan retire yon bagay soti nan yon gwoup dis bagay. Pou fini, panse pou envite yon manm fanmi an pou montre kijan pou ranpli yon fòm pou peye dim.
- Moun ou anseye yo ap benefisyè patisipasyon youn lòt" (*Ansèyman, pa gen pi gwo apèl*, 63). Envite manm fanmi an pou pataje sa yo panse Prezidan Eyring vledi lè l deklare "santi sa nou bezwen santi pou resevwa don lavi etènèl la." Panse pou diskite twa fason kote peye dim prepare nou pou n santi sa nou bezwen santi pou resevwa benediksyon Bondye yo.

JÈN YO

Ase lajan

Pa Fabiano dos Santos da Silva

Mwen te rankontre misyonè yo lè m te gen 17 an. Lè sa a pi gran frè m nan avèk mwen t ap viv ansanm. Manman nou te mouri nan ane anvan an, e lavi te difisil.

Lè misyonè yo te anseye mwen, mwen te ka wè ke Legliz la sete sa m te toujou ap chèche a. Men enfliyan zanmi m yo te fè m pa ale legliz jou Dimanch.

Yon fwa m te ale nan yon aktivite Legliz la pandan semèn. Gade tout jèn yo ap ri ak jwe te pote lajwa pou mwen. Misyonè yo, avèk jèn yo, te pwofite opòtinite sa a pou anseye m yon lesou levanjil, e m te santi m si byen ke m te deside pou m te batize.

Men menm apre m te fin antre nan Legliz la, mwen te rankontre pwoblèm. Mwen sete sèl manm Legliz la nan pati sa a nan vil la e m te viv lwen chapèl la. Zanmi m ki pa t manm yo pa t vle annafè avèk mwen ankò. Lè yo te kite m poukont mwen, mwen te priye e m te santi lanmou Senyè a.

Chak mwa, mwen te resevwa yon ti kòb nan yon fon manman m te kite pou mwen. Sa te difisil pou m te okipe tèt mwen avèk yon ti kal lajan konsa. Men mwen te detèmine pou m te rete obeyisan. Mwen te peye dim mwen e m te oblije peye pou transpò pou m t al nan seminè ak reyinyon Dimanch yo. Mwen pa t konprann kijan, men nan fen mwa a, mwen te twouve ke te gen ase lajan pou m te fè tout.

Mwen konnen ke m te beni paske m te peye dim. Obeyi kòmandman sa a te ede m akèri yon temwayaj solid, sèvi yon misyon, ak rekonèt benediksyon yo pou m ka fòtifye nouvo manm yo ki t ap fè fas ak pwoblèm yo.

TIMOUN YO

Mwen ka peye dim

Peye dim vle di bay Senyè a 10 pousan nan sa nou rantre. Imajine twa timoun k ap fè travay diferan. Imajine ke youn fè \$1, yon lòt fè \$2, epi twazyèm timoun nan fè \$3. Ekri konbyen dim nan ap ye pou chak timoun.

Kesyon bonus: Kiyès nan peyè dim sa yo k ap resevwa pi plis benediksyon? (Sigjesyon: Gade dènye paragrap mesaj Prezidan Eyring nan.)



Fòtifye fanmi yo pa mwayen otonomi tanporèl

Etidye materyèl sa a epi, si sa apwopriye, diskite li avèk sè w ap vizite yo. Itilize kesyon yo pou ede ou fòtifye sè w ap vizite yo ak pou fè Sosyete Sekou vin yon pati aktif nan pwòp lavi pa ou.

Devlope otonomi—kapasite pou pran swen tèt nou ak fanmi nou—se responsablite chak sè. Nou vin otonòm lè nou renmen travay, lè nou chèche enspirasyon pou jwenn pi bon fason pou okipe tèt nou, ak lè nou travay avèk manm fanmi nou pou reponn ak bezwen debaz yo.

Lè nou otonòm, nou itilize benediksyon nou yo ak resous nou yo pou prepare pou pwoblèm ak pou evite pwoblèm. Men, otonomi ranfòse lè nou priye pou kouraj pou reponn pwoblèm k ap inevitabman vini yo avèk lafwa. Otonomi pèmèt nou kenbe alyans nou fè pou pran swen lòt moun yo tou.

Nan Sosyete Sekou, yo anseye nou prensip ak talan pou otonomi. Sè yo kapab aprann sou bidjè, elimine dèt, kalifikasyon pou jwenn travay, ekriti yo ak levanjil la, anseye lòt yo pou yo li ak aprann, teknoloji, sante fizik, egzèsis, prevansyon adiksyon ak gerizon li, sante emosyonèl ak sosyal, prevni maladi, fè jaden, pwodui manje ak rezèv, preparasyon pou ijans, ak anpil lòt bagay ki pral ede nou vin otonòm.¹

Julie B. Beck, prezidan jeneral Sosyete Sekou a, eksplike ke “kapab okipe tèt nou ak lòt moun se prèv ke nou se disip Senyè Jezikri. . . . Lè [bèlmè] mwen te mouri toudenkou ane pase, li te kite prèv sou lavi

otonòm ni. Li te gen yon rekòmandasyon tanp valid ak liv ekriti byen ize ak manyèl etid levanjil yo. Ak kontantman nou te separe bonm, chodyè ak asyèt li te itilize pou prepare dè milye repa. Li te kite dra pou nou ke li te fè avèk rad ki te fin itilize. Li te kwè nan ansyen pwovèb ki di ‘Itilize li, ize li, fè l travay, ou pa.’ Nou te wè pwovizyon manje li te fè pouse, prezève ak mete nan rezèv. Sa ki te patikilyèman touchan sete ti liv kont li a kote li te fidèlman ekri depans li pandan plizyè ane. Paske li te viv avèk prevwayans, li te kite yon ti lajan ke l te sere pou ijans, e li pa t kite dèt! Sa ki pi enpòtan, li te anseye ak enspire anpil lòt moun avèk talan ke l te akeri pandan lavi fidèl li.²

Apati ekriti yo

Jan 13:34–35; Jak 1:27; Mozya 4:26; Doktrin ak Alyans 29:34–35; 38:30; 44:6

Apati istwa nou

Sè Sosyete Sekou yo toujou patisipe nan travay pou sove nanm tanporèlman ak espiritiyèlman. Chak semèn lè fi Sosyete Sekou yo te konn reyini, sè yo te konn bay rapò sou moun ki nan bezwen. Yo te distribye don lajan, byen, talan, ak tan pou soulaje moun ki nan bezwen yo. Travay fondamantal sa a pou

soulaje soufrans lan te kontinye rete travay Sosyete Sekou atravè jenerasyon yo.

Lè Sen yo te rive nan Vale Salt Lake la, Prezidan Brigham Young (1801–77) te konseye sè yo pou yo te ede moun ki te nan bezwen yo ak pou aprann talan ki ta pral pèmèt yo pran swen tèt yo. Li te di: “Aprann soutni tèt nou; mete gren ak farin akote, epi sere l pou lè gen yon jou rate.”³ Sou direksyon Prètriz la, Sosyete Sekou kontinye anseye otonomi, pou sovgade fanmi yo, ak pou ankouraje ladwati pèsònèl ak zak charite, amou pi Kris la.

NÒT

1. Gade *Handbook 2: Administering the Church* (2010), 9.4.2.
2. Julie B. Beck, “The Welfare Responsibilities of the Relief Society President,” *Basic Principles of Welfare and Self-Reliance* (2009), 6.
3. *Enseignements des présidents de l’église: Brigham Young* (1997), 231.

1. Nan ki fason m ka ede sè m yo ak fanmi yo amelyore nan otonomi tanporèl?

2. Nan ki fason m ka amelyore pwòp otonomi tanporèl pa mwen?

Pou plis enfòmasyon, ale nan www.reliefsociety.lds.org.